

Haitian Creole database : Writings by Geraud Charles

(Compiled by Emmanuel W Védrine)

March 2022

Akò Montana a, yon inisyativ louwab (Geraud Charles, 9 fevriye 2022) -- Akò Montana a se yon inisyativ louwab, menm jan ak lòt inisyativ ki akouche (kèk) lòt akò Tout inisyativ yo nan menm nivo Pa gen youn ki pi bon pase lòt depi yo ta chita sou manman lwa peyi a, ki se *Konstitisyon pèp la te vote 29 mas 1987* Se sèl lwa peyi a ki ka konsolide yo Kèlkeswa Ayisyen k ap pale jodiya an Ayiti, e nan dyaspora ayisyen ki deklare pa gen pwovizyon konstitisyonèl, moun sa a sou blòf Li nan manti ak tèt li, e li redui peyi a an erè menm jan ak Jocaleme Privert ki redui l an erè. Privert mennen nou nan dat 6, 7 Jiyè 2021, kote nou pèdi endepandans nasyonal nou e patri nou vyole (selon *atik 138 konstitisyon sa a*)² Etranje antre nan peyi a. Yo planifye, òganize e egzekite avèk sitwayen trèt (konze) yo antre kay yon prezidan nan repiblik la, yo asasine l Menm si prezidan Jovenel Moise te mete tèt li nan sa nou rele *move posti* kote l t ap aji andeyò lwa peyi a, li vin vilnerab (ou espoze kòm sib) kote l pèdi pouvwa ak otorite (aprè 7 fevriye 2021) Nòmalmant 48 è d tan pou pi piti, 72 è d tan pou pi plis si nou (Ayisyen) te gen yon peyi ki te gen sa yo rele «*kilti respè sivik*», lalwa te dwe gen yon prezidan enstale obligatwaman nan palè nasyonal (selon *Konstitisyon 1987 la, atik 138 e 149*)³ Malerezman, jodiya fè 7 mwa ak 3 jou Ayiti plonje nan yon twou, kote li pa gen endepandans li ankò Dirijan k ap fonksyone andeyò lwa, an palan de Premye Minis *Ariel Henry Henry*, pa ka pran okenn desizyon legal Depatman Deta Ameriken, an palan de Msye *Nichols Brian*, ap fè deklarasyon avèk awogans politik pou peyi a. Msye *Kenneth Merten* Chaje d Afè nan Anbasad Ameriken ap tire fisèl la anba* nan aplike politik «*divize pou reye*» Ekonomi peyi a plat atè -- Pa gen okenn pwomosyon sosyal dirab ki fèt Se sèlman separe diri, e fè lavi pèp sa a redui a diri Nou divize pak an pak (konplètman) avèk akò k ap ponn tankou ze pentad, k ap soti nan dèyè poul kòk manin paye* Inisyativ pou Ayisyen yo reyini, e pwopoze sa ki pou fèt bon e menm twò bon. Gouvènè se prevwa. Se paske nou te gen yon peyi depi aprè asasina papa nasyon an⁴ ki pa t janm gouvènè e se pou sa mwen, sèvitè nou Geraud Charles, gen yon santiman lawont. Mwen se moun, e mwen p ap lage okenn responsablite sou do lòt peyi Se nou, Ayisyen, ki premye responsab sò nou menm si gen kolèg ki pa dakò avèk mwen Jodiya nou tande anpil Ayisyen, ki andedan anpil enstitisyon kle nan peyi a, k ap pale yon sèl langaj: «*Konsansis lajman laj*» Se menm langaj sa a ki nan *Konstitisyon 1987 la, (Chapit 1, «L' Union fait la Force»* ou ansanm nou fò) Wi, anpil Ayisyen pwouve ke yo renmen Ayiti. Yo fyè, nou wè sa nan akò yo, e mwen felisite Ayisyen sa yo Mwen kondane tout Ayisyen k ap repete betiz ke «*pa gen pwovizyon konstitisyonèl pou rezoud pwoblèm kriz politik sa a*» Mwen rele Ayisyen sa yo *koukoulougwe**, *sousoupannan**, *sousoubyekè**, *koukouyangan** k ap ranfòse enfliyans gwo pouvwa gwo peyi sou desizyon politik Ayiti Sèl objektif yo se eksplwate richès natirèl Ayiti Esplwatasyon sa a se nan enterè yo l ye sèlman, men pa nan enterè pèp ayisyen (sitou sa ki pi pòv, pi vilnerab yo, depi plis pase 200 ane) Andedan tout akò yo, mwen ankouraje chèf akò yo pou pran swen pwòp peyi pa yo oubyen gouvènman pa yo fè yon dènye tèt ansanm semèn sa a, reyini ansanm, epi batize l «*fèy de wout de tranzisyon*» Mwen pwopoze kòm senp sitwayen peyi a (kòm ansyen palmantè / depite pèp la, kòm manm fondatè yon mouvans politik nasyonal e entènasyonal ki fonde 19 mas 2021 ki rele «*Opposition Nationale D' Haïti*») pou remèt «*fèy de wout*» a 3 pèsonalite sa yo ke mwen remake peyi a pa gen twòp bagay pou repwoche yo: Sitwayen jij Joseph Mécène Jean-Louis an aplikasyon *atik 138 e 149 Konstitisyon 1987 la* kòm prezidan tranzitwa «*ripti*» Sitwayen ekonomis Fritz Alphonse Jean kòm Premye Minis Sitwayen Senatè / Depite Msye Steeven Benoit kòm yon gran Minis Afè Sosyal peyi a Mwen panse nou ka konsète pou nou jwenn lòt pèsonalite andedan sosyete sa a pou konplete 3 pèsonalite pou fòme yon gouvènman ki gen yon pouvwa ki soti nan konstitisyon an Fèy de wout la ap defini vrè misyon yo pou rale tren an, e mete l sou ray avèk eleksyon jeneral nan peyi a (nan yon ti tan ki pa twò lwen) pandan n ap mande jèn ki nan gang depoze zam yo. Zam fè ou cho; li ka fè ou twòp pou peyi a, e obligatwaman se anba ou prale Li enpòtan pou mete pò, ayewopò, e fontyè peyi a sou kontwòl, pa rapò a zam k ap enpòte ou k ap antre Ayiti) Yon peyi k ap enpòte oubyen voye zam

Ayiti jodiya, kèlkeswa jan peyi sa a rele, se ènmi pèp ayisyen li ye. Ayiti pa nan lagè ak okenn peyi E Ayiti pa pwodui zam a fe (zamafe / zam e fe) Mwen p ap ouvri bouch ankò pou m di yon mo sou kriz politik an Ayiti M ap fè anpil efò pou m chase santiman lawont ke m genyen pandan m ap angaje m nan yon pati politik (an) Ayiti ki rele FDHI (*Force Démocratique Haïtien Intégré* : Fòs Demokratik Ayisyen Entegre) k ap dirije e gouvènè pa D^{tè} (doktè) Eddy Delaleu pou m kontinye batay (ke m te kòmamse depi nan ane 1983) pou peyi m chanje, atravè (defen) Pwofesè Geoges Charles Pierre nan *Fort-Liberté* Mèsi tout zanmi fesbouk, *whatsApp* ki toujou sipòte m nan apwòch mwen, menm si anpil fwa granmoun nan yon ti jan devegonde (temèrè / tenmèrè) Mwen fè sa pou fwete (kale) ògèy Ayisyen ki poko pran konsyans eta yo kòm sitwayen, sitou drijan nan pati politik yo k ap fè divèsyon (pale anpil) tout jounen, pandan yo nye reyalite pwoblèm politik ki pou rezoud jodiya menm Mwen renmen Ayiti! Se Ayiti ki fè m moun! Se sèl Ayiti lè m ladan l mwen santi m gen valè kòm moun Nòt referans (nòt espikasyon, nòt de pye) 6, 7 Jiyè 2021. Nuit 6 pou ouvri 7 jiyè, اساسina prezidan Jovenel Moise nan rezidans li Konstitisyon 1987 la, atik 138: *Youn nan wòl Prezidan Repiblik la se fè yon jan pou pèp Ayisyen toujou mèl lakay li, e pou li pa janm pèdi pi piti moso nan tè peyi d Ayiti* Konstitisyon 1987 la, atik 149: *Sizanka plas prezidan repiblik la vin vid, pou nenpòt ki rezon, se prezidan Tribinal Kasasyon an k ap monte prezidan pwovizwa repiblik la Si plas prezidan Tribinal Kasasyon an te vid, se visprezidan Tribinal Kasasyon an k ap monte Si plas visprezidan an te vid, se jij ki pi ansyen kòm jij Tribinal Kasasyon an, k ap monte E, se konsa jij Tribinal Kasasyon yo ta monte, youn dèyè lòt* Asanble Nasyonal la enstale prezidan pwovizwa a nan plas Papa nasyon an, yon referans a Jean-Jacques Dessalines* vokabilè koukoulougwe: Se yon moun - li la, li pa la; li pa vo (pip) tabak (li pa vo anyen, li san pouvwa) koukouyangan: Se tankou yon moun ki marye, epi fi a kapab deside fè sa l vle (li pran lòt moun elt. Epi mesye a lakay la; li la, li pa la... epi yo ba l non sa a paye (mo ki itilize nan zòn nò). s: (sinonim) kouvri - *Kòk la paye manman poul l la* - sousoubyèkè : Yon moun k ap fè sa nou rele «pote ale, pote vini» sousoupannan: Yon moun ki la, k ap esplwate w (ansoudin); se li, se pa li. L ap eslwate w, men ou p ap janm wè si l ap fè sa -- *tire fisèl la anba*. s: fè presyon sou, mete presyon sou; enfliyanse ●●● Nesesite pou yon priz de konsyans jeneral pou yon lòt Ayiti - 9 Fevriye 2021 Depi kèk tan, li fasil pou n konstate Ayiti ap antre pi fon nan yon tchouboum nou pa fouti dekri Peyi a pèdi tout valè li te genyen. Tout gwo sèvo nou genyen oblije pa sèvi n kichòy, paske sistèm analfabèt la bare yo, e menm menase yo Lòt peyi vwazen oblije retire n nan kad pèp Yo jis konsidere n kòm latrin, yon forè ki gen sèlman bèt sovaj k ap viv ladan l Sa tris pou di, men tout palto yo taye met sou do peyi a, yo gen bon twal pou sa Yo gen bon resous, bon done, bon fidbak sou vye imaj nou pa sispann pataje: Peyi a p ap dirije Yon swadizan prezidan pa sispann fè fo pwomès, jere epi kreye kriz sou kriz Pwoblèm ensekrite sou tout fòm ki akouche kidnaping politize, povrete, salte, grangou, mank swen sante... Nou bezwen yon ti kal konsyans pou n wè aklè peyi a fini nan men nou, jan lòt peyi konstate l la Nou gen yon jenès ki abandone, yon pèp leta kokoratize, lage de men ap balanse Nou gen yon leta ki kowonpi jous nan zo, kote pou jere pouvwa, yo pa sispann kreye gwoup gang Tout moun konnen sa m ap di la a deja, paske yo pa fèt an kachèt N ap viv anba yon diktati kraze moral, kraze zo, kraze mounite Kote dirijan yo pa wè ni pèp, ni peyi, men sèl pwòp tèt yo Yon peyi kote pwòp leta touye lajistis! Yon peyi kote pwòp leta gen gwoup bandi l pou simaye latwoublay! Yon peyi kote tout moun ap viv ak kè kase Yon peyi leta sou kraze tout sa ki ka sèvi baz devlopman Kisa n ka espere? Plizyè rezon ka akouche sitiasyon makawon pèp asyisyen ap viv jounen jodi a E pou site yo, nou pa oblije pase nan gwo lekòl politik oubyen lekòl diplomatik Dayè, pi gwo lekòl politik la se lari a Je n ban nou, zorèy nou ban nou Nou pa oblije jwenn èd okenn espè pou esplike n pwoblèm peyi n, ni sa ki lakoz yo Sa Ayiti ap viv la se rezilta yon peyi ki pa sou kontwòl tèt li Rezilta yon peyi kote moun k ap dirije se kowonpi, maryonèt, poupe twèl, tchoul blan, kolonize mantal Kidonk, si tout bon nou ta reve wè yon lòt Ayiti, kote n ap santi nou se premye pèp nwa lib tout bon, kote n ap sispann depann de lòt peyi, kote n ap konprann konsèp devlopman ak jistis, e konnen jan pou n aplike yo, nou dwe kòmanse kraze baryè sa yo Baryè blan ak leta kowonpi met anfas pèp la Baryè ki fè yo panse yo se zo ki kwoke nan gòj pèp la, kote yo bliye pèp ayisyen p ap pè vomi yo jan l vle ! Nou dwe revolisyone yon lòt fwa Nou dwe elimine sistèm peze souse sa a ak tout lidè l yo Se vre sa p ap fasil, men l posib, sitou si n

pran konsyans de eta nou ak kote n ta sipoze ye kòm premye pèp nwa ki make listwa letènite, premye pèp nwa ki goute libète, e ki manman Libète Ayisyen, nenpòt kote w ye, reye w Ayiti pa dwe mouri !

••• Opozisyon politik nan yon peyi fas a yon pouvwa politik -- Opozisyon Nasyonal d Ayiti : Opposition Nationale D' Haïti Guy Daniel CASTOR (et al) 28 Fevriye 2021 Nan tout peyi, gen sa yo rele «pouvwa politik» An menm tan tou, gen sa yo rele «opozisyon politik» Pouvwa politik nan yon peyi, ki gen bon jan demokrasi k ap reye ladan, fòm de yon gwoup moun ki prezante pwogram yo genyen Pami pwogram sa yo, nou ka mansyone: sante, ekonomik, sosyal elatriye bay pèp la Kandida yo ale nan eleksyon, kote popilasyon an fè chwa de yo an fonksyon pwogram yo prezante Aprè eleksyon, gen nan kandida sa yo ki eli pou pran pouvwa Yo fòm yon gouvènman pou mete an pratik pwogram yo te prezante pandan kanpay yo Nan menm peyi kote demokrasi ap reye, gen sa yo rele opozisyon politik Yo la yo menm pou veye chak aksyon pouvwa an plas la ap poze Y ap kontwole èske eli ki sou pouvwa respekte pwogram yo te prezante bay pèp la pou te vote yo Si pouvwa a pa poze aksyon ki ale nan enterè pèp la, devwa opozisyon an se ta fè pwopozisyon konkrè (bay pèp la) an tèm sa k dwe fèt An Ayiti, pouvwa politik ak opozisyon politik gen lòt fonksyon : yon eli, yon gwoup moun yo nome nan tèt peyi a ki san pwogram Yo la pou plen pòch yo Y ap travay pou yon ti gwoup moun nan peyi a, ki se laboujwazi Y ap travay tou pou yon ti gwoup moun nan kominote entènasyonal la pou defann entèrè yo, poutan pèp la li menm toujou rete nan kras; li toujou rete nan mizè Domanj, se menm pèp sa a ki toujou viktim Malerezman, nou pa gen yon opozisyon ki vrèman konnen wòl li, tach li, e objektif li Nou wè yon opozisyon ki gen plizyè tèt (yon opozisyon pliryèl) Kisa yo pwopoze pèp la, ki nan soufrans pouvwa a ap fè yo sibi a? Wi, yo denonse krim pouvwa a ap fè sou pèp la Wi, yo denonse kidnaping yo Wi, yo denonse tout sa pouvwa a ap fè ki pa bon, men a ki fen? Èske yo travay vrèman pou retire pèp la nan kalamite li ye a? Pèp la pa bezwen yon opozisyon pliryèl kote chak moun nan opozisyon sa a gen pwòp objektif yo Pèp la pa bezwen yon opozisyon kaka bèf, kote anlè l chèch, anba l mouye Nou bezwen yon opozisyon nasyonal ki gen ladan sitwayen k ap defann popilasyon an Nou bezwen yon opozisyon nasyonal kote dyaspora a gen menm dwa ak moun ki nan peyi a Nou bezwen yon opozisyon kote vwa sa ki pi fèb yo kapab rive nan zorèy menm kominote entènasyonal la pou n fè yo konnen nou se yon peyi souvren, e demokratik; se vwa pèp la ki dwe pase Si nou di non, nou pa vle yon pouvwa k ap enpoze yon diktati, fòk yo ka tande n paske lakay yo se demokrasi k ap reye Se yon pouvwa sanginè k ap enpoze yon diktati nan peyi a L ap fè pèp la vale krim yo fè, kidnaping yo fè, ensekirite yo etabi nan peyi a Yon opozisyon pliryèl ki bliye wòl li, misyon l; l ap regle zafè pòch Nou menm pèp souvren, nou vomi move moun sa yo pou n di nou bezwen yon opozisyon nasyonal ki ini, kote tout moun ladan gen yon sèl vwa, pale yon sèl pawòl, epi pote yon sèl nouvèl Nou menm nan Opozisyon Nasyonal d Ayiti, n ap kritike pouvwa an plas la, ki depi dizan, ap gagote ak lajan peyi a Jiska prezan, yo pa janm bay okenn rapò sou \$1.50 yo pran sou transfè lajan k ap soti nan dyaspora a, ti kichòy pou sipòte fanmi, e zanmi pwòch an Ayiti N ap kritike yo pou jistis peyi a yo pase anba pye N ap kritike yo pou ensekirite ki blayi nan peyi a N ap kritike yo pou zafè kidnaping lan, ki pa epaye pèsòn Kidnaping lan vin tounen yon pwofesyon nan peyi a, kote san fwa mil fwa li itilize pou yon dòmi pòv jodi leve rich nan demen N ap kritike yo pou gang yo legalize nan peyi a N ap kritike yo pou fo pwomès yo fè popilasyon an, kote yo kontinye ap pase nan l tenten An menm tan tou, n ap demonse Opozisyon Pliryèl sa a ki se yon opozisyon ki gen opinyon diferan, ki pa gen menm vizyon ak nou Se yon opozisyon ki chita ap kritike, men ki pa janm pwopoze anyen pou chanjman Se yon opozisyon lajounen yo se moun, lannuit yo tounen tout bèt pou antre nan palè pou al negosye pòs yo, e pòch yo Se yon opozisyon ki chita mete ti pèp la ki grangou a, ki nan mizè a k ap soufri a nan lari, epi yo ap byen manje byen bwè nan otèl nan Pòtoprens Nan Opozisyon Nasyonal d Ayiti, nou di non ak tout abi pouvwa a ap fè nou sibi Nou di non a tout enjistis sa yo pouvwa ap fè nou sibi Nou leve vwa nou byen wo pou n di non a demagoji sa nou wè opozisyon pliryèl la ap fè Nan optik sa a, pou n montre popilasyon an ke se volonte pouvwa a pa genyen pou l chanje lavi nou, pou n montre popilasyon an ke se volonte moun ki di k ap defann yo a pa genyen Nou menm nan Opozisyon Nasyonal d Ayiti, nou vin avèk kèk pwopozisyon ki kapab nan yon ti tan trè kout, ki kapab amelyore sityasyon nou ye a An menm tan tou, nan yon tan ki pi long, kapab chanje definitivman kondisyon lavi nou Pwopozisyon Opozisyon Nasyonal d Ayiti Opozisyon Nasyonal d Ayiti ap fè diferans lan N ap jwe wòl nou antan ke

yon vrè opozisyon, kote nou pral pwopoze sa ke opozisyon pliriyèl kaka bèf la pa ka fè Nou pral montre popilasyon an pouvw a sanginè sa a se espre li fè pou l kenbe nou nan salte, pou l kenbe pèp la nan povrete Nou menm nan Opozisyon Nasyonal d Ayiti, n ap pwopoze: 1. SEKIRITE Nan tout peyi oubyen sosyete kote moun ap viv, pou tout bagay fonksyone byen fòk gen sa yo rele sekirite, avèk sa tout moun kapab evakye ak okipasyon yo san kè sote Nou pwopoze pou non sèlman nou gen yon polis ki pa nan politik reyèlman vre, men yon polis ki dwe la pou pwoteje e sèvi tout moun (espesyalman moun ki pi pòv yo, moun ki nan geto yo, sa ki nan klas defavorize a) Se pou Ministè Enteryè ak Ministè Defans travay ansanm pou bay popilasyon an, tout peyi a bon jan sekirite Nou ta renmen yo mete yon estrikti ki genyen plizyè fòs polisye dekwa pou kapab gen kontwòl tout moun ki nan lapolis la pi byen : yon polis depatmantal kote gwoup polisye sa yo ap afekte espesifikman nan yon depatman (yon polisye depatmantal ki nan depatman lwès la p ap gen dwa travay nan okenn lòt depatman), e chak polisye depatmantal sa yo ap idantifye ak kòd depatman yo ladann an Yon polis kominotè kote gwoup polisye sa yo ap afekte nan chak komin ki nan depatman yo afekte a Y ap sou kontwòl meri ki nan komin yo ye a, e y ap idantifye ak yon kòd ki gen nom depatman ak komin ke yo afekte a Yon Polis Nasyonal ki la k ap kwafe tout polisye yo An menm tan tou, n ap genyen yon lòt fòs de lòd ki pou akonpaye lapolis la nan ka ekstrèm, yon lòt fòs de lòd k ap la pou pwoteje peyi a, pou ede nou kenbe souverènte nou, antan ke peyi lib 2. EDIKASYON Aprè yon peyi gen sekirite k ap reye ladan, nou menm nan Opozisyon Nasyonal d Ayiti, nou deside pou nou manyen zafè edikasyon an Nou tout nou konnen l trè byen Pou yon peyi devlope, edikasyon sipoze baz sosyete sa Nou sipoze gen yon edikasyon ki bon, ki pratik, ki solid e ki gen yon bon jan kalite, kote depi alabaz nou regle koze sa Edikasyon nan peyi a sipoze asire an gran majorite pa leta ayisyen, kote se leta k ap gen kontwòl li, e tout lekòl k ap suiv pwogram leta ba yo a N ap gen yon Ministè Edikasyon Nasyonal ki la pou asire ke lekòl gratis sou tout teritwa nasyonal peyi a Leta responsab pou konstwi lekòl nan peyi a, e konstriksyon sa a sipoze fèt nan yon nòm estanda e entènasyonal Tout moun, nan sektè prive, ki vle konstwi lekòl sipoze respekte nòm ke leta mete pou gen lekòl Pa dwe gen oken timoun k ap mache, monte desann de bra pandye nan lari (lè yo ta dwe anndan yon lekòl) Anpil ap siye machin nan Pòtoprens Gen sa ki restavèk kay moun Genyen ki deja delenkan, ki nan gang Tout timoun sa yo dwe anrejistre nan yon lekòl, e ale lekòl an menm tan Leta dwe kreye sant d akèy ak òfelina pou yo pou ankadre yo Konsa, y ap kapab aprann metye pou viv byen nan sosyete, e ede sosyete a tou San sa, Ayiti pral tounen pepinyè gang lè leta fèmen je l sou pwoblèm sosyal sa a ki egziste depi lontan Tout dwe jwenn yon edikasyon gratis (jiska laj 18 an) Dwa tout timoun dwe respekte Yo dwe pini paran k ap bay bay pitit yo rete ak moun oubyen sèvi restavèk kay moun 3. SANTE -- Sante se lè yon moun fizikman, mantalman sen Nou tout konstate e nou viv li chak jou nan peyi a kijan yon moun ye lè li malad, kijan yon moun ye lè li pa ka jwenn bon jan swen sante, eben anndan pwopozisyon nou menm nan Opozisyon Nasyonal d Ayiti, n ap fè sou sante nou di : Leta sipoze asire fòmasyon chak etidyan medsen, chak enfimyè, an gwo chak moun k ap fè etid nan domèn medikal an jeneral Ministè Sante Piblik sipoze genyen yon bon bidjè, pou pi piti 10% (dis pou san) Nou sipoze genyen 20 gwo lopital depatmantal nan peyi a, 2 nan chak depatman Chak komin, ki gen yon sèten nonb moun, sipoze genyen ladan yon lopital kominotè de referans. Komin ki pa gen anpil moun kapab genyen sant de sante ak dispansè ladan yo Chak depatman sipoze genyen yon kanmpous inivèsite (ki ta yon branch Inivèsite Leta Ayiti, pou desantralize inivèsite piblik la, menm jan sa fèt nan lòt peyi) ak yon lopital inivèsite 4. AGRIKILT -- Lontan, nou te konn li nan liv ke Ayiti se yon peyi ki esansyèlman agrikòl Malerezman, dirijan ki pase nan tèt gouvènans peyi a pote anpil neglijan sou dosye sa a Kijan, nou menm, nou kapab mete sou pye yon plan de devlopman pou remete agrikilti a sou ray ankò? Nou konnen se yon sijè ki sansib anpil, lè nou konnen kijan e kòman kèk peyi ap ponpe nou manje isit e kijan tou yon seri boujwa komèsyal ap achte manje lòtbò vin revann isit Gen anpil zòn nan peyi a jis kounye ki kapab itilize pou pwodui yon ansanm de pwodiksyon yo te konn pwodui depi lontan. Si n ap pran kèk egzanzp, Latibonit fè anpil diri. Nou te kapab mete estrikti an plas dekwa pou ta fè zòn sa yo bay plis diri Si nap pran Kenskòf ki pwodui legim (bètrav, chou, kawòl, elatriye). Ak bon jan estrikti an plas, yo ta rive fè l a chan echèl, epi idantifye sa lòt zòn ka pwodui Akayè trè repite pou pwodiksyon bannann. Okay, pou vetivè Ministè Agrikilti ta sipoze genyen yon bon jan bidjè Chak depatman ta

sipoze genyen yon anèks Ministè Agrikilti, kote ta gen ajan ki la pou akonpaye peyizan yo nan pwodiksyon y ap fè, epi fè bon jan seyans fòmasyon pou yo Ministè Agrikilti sipoze kolabore ak Ministè Finans pou mete sou pye yon *kredi agrikòl* pou tout moun ki vle antre nan domèn sa a Sipoze genyen estrikti sou pye pou modènize agrikilti. San sa, Ayiti p ap ka soti nan sistèm agrikilti akayik la, ki pa rantab pou pesonn Ta dwe genyen sa yo rele yon pwogram de fòmasyon aletranje (an liy oubyen atravè deplasman pou al pran fòmasyon oubyen tout yon enstiti teknik pou sa an Ayiti) pou tout kad, ajan agrikilti, kote n ta pèmèt yo aprann lòt teknik ki kapab ede mye nan domèn pwodiksyon agrikiltirèl Nan optik pou nou kapab diminye nan depans leta yo, epi pou fasilite kèk ministè pi efikas nou pwopoze pou leta kapab redui nan kantite ministè ke yo genyen an, epi chanje non kèk ladan yo Ministè Ayisyen k ap viv Aletranje (Ministè Dyaspora) kapab tounen yon direksyon anndan Ministè Afè Etranjè Pou Ministè Fanm kapab ta pi efikas, nou t ap chanje non epi nou rele l Ministè Lafanmi pito Pou reyalizasyon pwopozisyon sa yo, nou pa bezwen rale kwi nou pou n al fè ti figi nou fennen devan etranje pou prete n lajan Nou kapab sispann piye peyi a Nou itilize lajan enpo (taks) popilasyon an ap peye Nou kapab itilize lajan ladwann n ap kolekte; retire kèlke franchiz dwanyè nan men kèk antrepriz fè yo peye taks nòmalmman N ap bezwen pou n entegre dyaspora a paske se Ayisyen yo ye tou N ap bezwen travay avèk kominote entènasyonal la, men pa nan sans inilateral (kote se yo k ap enpoze nou, ba nou sa yo vle kom sipò) Men travay ansanm pito kote ke n kapab gen moun ki reprezante nou devan yo Konsa, n ap ka di kominote entènasyonal la men ki pwoblèm nou genyen e men kisa nou bezwen Pou sa fèt, nou sipoze gen yon leta ki fò, ki gen entegrite, ki pa kowonpi, ki wè devlopman Ayiti, e yon leta ki souvren Gen yon sektè ki trè enpòtan ke nou pa ka bliye; se sektè inivèsitè a. Nan pwopozisyon nou, nan Opozisyon Nasyonal d Ayiti, n ap mete yon estrikti kote *Université d'État d'Haïti* (UEH) sipoze pilye tout desizyon k ap pran nan peyi a -- Guy Daniel CASTOR (Manm Opozisyon Nasyonal d Ayiti) SP/ DGC47/ Bandi Pa Fout Legal 28 Fevriye 2021 18: 04 PM APWOUVE PA: Estriplet Jean SNORD (Kòdonatè Nasyonal) Sarah POISSON (Relasyon Piblik, Nasyonal e Entènasyonal) Marie Lourdes JEAN PIERRE (Trezorye) Bedel ERNEST PIERRE (Pòtpawòl Dyaspora Ayisyen) Geraud CHARLES (Manm OND' H)